

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Atikan karakter mangrupa hiji hal anu ditandeskeun dina kurikulum pendidikan Nasional di Indonésia, dina kurikulum KTSP boh dina kurikulum 2013. Karakter anu dipiharep kasebut, kaunggel dina Kompetensi Inti 1 jeung Kompetensi Inti 2, eusina ngeunaan katakwaan jeung karakter nu kudu dihontal sabada diajar dina unggal mata pelajaran. Eusi Kompetensi Inti 1 jeung Kompetensi Inti 2 disakabéh jenjang sakola eusina sarua, boh SD, SMP, SMA/SMK, ngan tungtutana béda-béda luyu jeung luhur handapna jenjang sakola. Hartina kurikulum Nasional di Indonésia téh miboga harepan yén sakabéh siswa lulusan sakola formal bakal miboga karakter anu sarua. Ku kituna ajén karakter kudu diajarkeun dina unggal mata pelajaran sacara utuh ngaliwatan sakabéh program, kagiatan kokurikulér, ekstrakurikulér di sakola luyu jeung situasi ogé kondisi sakolana séwang-séwangan.

Atikan karakter anu dipiharep dina kurikulum 2013 leuwih nyoko kana ngundakeun kualitas prosés diajar ogé ngahasilkeun lulusan anu miboga ahlak mulia jeung budi pekerti. Numuwuhkeun ajén karakter siswa dina élmu pangaweruh dipiharep mampuh ngalatih kamandirian siswa, siswa bisa ngamangpaatkeun élmunu nepika kawanguna perilaku anu berkarakter dina kahirupan sapopoéna. Kahontalna éta tujuan téh mangrupa tujuan numuwuhkeun ajén-ajén karakter jeung ahlak mulia siswa anu dihontal ngaliwatan pangajaran disakola.

Pentingna numuwuhkeun ajén-ajén karakter dina diri siswa téh diantarana nya éta, karakter téh mangrupa kadali hirup anu bakal nangtukeun arah jalan anu hadé dina kahirupan manusa, nyirorotna karakter bangsa Indonesia anu baheula mah kasohor hadé tata hadé basa, silih tulungan ogé religius, siswa anu miboga karakter hadé bakal bisa ngamekarkeun hirupna sorangan tangtu bakal bisa ogé ngamekarkeun bangsa jeung nagara, kurangna informasi ngeunaan ajén-ajén ogé kurangna filter tina mekarna téknologi informasi.

Geus sakuduna pendidikan karakter téh jadi prioritas, posisina ogé kudu aya dina undakan pangluhurna antara sub bagian atikan anu séjénna kalayan alesan yén atikan karakter téh patali jeung sumber atikan moral, atikan karakter ogé saenyana mah kudu geus nyampak di

kulawarga séwang-séwangan anu geus jadi kabiasaan dina kahirupan sapopoé, atikan karakter ogé pakait jeung kaagamaan ogé sistem kapercayaan.

Sumber atikan karakter téh saenyana mah bisa ti mana baé salila atikan anu nyangkaruk téh mangrupa atikan karakter hadé anu bisa jadi conto pikeun siswa. Salah sahiji sumber anu bisa dijadikeun bahan dina atikan karakter nya éta karya sastra. Karya sastra téh miboga fungsi anu jembar. Numutkeun Nyoman Kuta Ratna mah karya sastra téh fungsina nya éta salaku kréativitas imajinasi pangarang, pesan masyarakat, warisan budaya bangsa, inti atikan karakter, atikan karakter dina kahirupan sapopoé.

Karya sastra salaku inti tina atikan karakter. Karya sastra geus sakuduna miboga peran anu kawilang penting dina atikan karakter, sabab karya sastra téh pinuh ku carita atawa narasi ngeunaan katuladanan, amanat, ganjaran anu patali jeung atikan karakter. Hiji karya sastra miboga kamungkinan bisa ngarobah sikep jeung prilaku nu maca. Salian ti éta fungsi karya sastra nya éta kareueus hiji bangsa.

Rahmanto (1988, kaca 16) nétélakeun yén pangajaran sastra bisa méré pangaruh hadé dina ngawangun karakter anu gembler, ogé mangaruhan kana kaparigelan basa, ngaronjatkeun pangaweruh budaya, mekarkeun cipta jeung karsa sarta ngarojong kana kabentukna watek. Pangajaran sastra ogé bisa ngawangun karakteristik siswa sabab pangajaran sastra bakal ngalatih perasaan jadi leuwih seukeut.

Ratna (2014, kaca 109) nétélakeun yén élmu sastra dianggap miboga peran anu cukup gedé dina ngawangun karakter. Ti jaman baheula nepi ka ayeuna karya sastra mangrupa sumber atikan moral, sarta bisa jadi atikan karakter. Sastra miboga kamungkinan anu gedé dina ngawanohkeun sakabéh runtuyan kahirupan manusa saperti kayakinan, kabagjaan. Jalma anu geus loba neuleuman karya sastra biasana miboga perasaan anu leuwih peka.

Buku-buku sastra kaayeunakeun bisa disebut euyeub utamana sastra Sunda anu bisa disebut produktif. Pangarang-pangarang Sunda unggal waktu medalkeun karya-karyana. Ngaliwatan buku-buku sastra atikan karakter téh bisa diwanohkeun ka para siswa di sakola, tangtuna luyu jeung tahapan luhur handapna tingkatan sakola. Buku-buku sastra ogé bisa dipilah dumasar kana katégori umur jeung kamekaran inteléktual.

Ngawanohkeun ajén-ajén karakter tina karya sastra ka barudak bisa ngaliwatan pangajaran Basa, utamana Basa Sunda. Guru disakola kudu miboga program atawa rancangan pikeun ngawanohkeun ajén-ajén karakter kasebut. Salah sahiji program anu bisa dipaké pikeun ngawanohkeuna nya éta program GLS, singkatan tina Gerakan Literasi Sekolah anu saenyana mah mangrupa program pamaréntah.

GLS téh mimiti diwanohkeun dina Taun 2014 ku Kemendikbud, ieu program téh patali jeung baca-tulis. Program GLS téh dihangkeutkeun pikeun ngarojong jeung ngadeudeulan impleméntasi kurikulum 2013. Salian ti éta ogé dimaksudkeun pikeun numuwuhkeun “Budi Pekerti” ngaliwatan kagiatan baca-tulis.

Di Jawa Barat aya pangajaran mulok basa Sunda, GLS dipiharep bisa dirojong ku ayana literasi basa jeung sastra Sunda. Saupama GLS diimpleméntasikeun kana Kurikulum 2013 basa Sunda teu bisa diwalkeun sanajan posisina ukur pangajaran mulok dina kurikulum daérah. Lian ti éta pangajaran basa jeung sastra Sunda ogé meredih sangkan siswa rajin maca jeung nulis minangka bagian tina pamarekan komunikatif. Ieu pameredih téh luyu jeung pameredih GLS. Leuwih jauhna pangajaran basa jeung sastra Sunda dipiharep bisa ngarojong kana pangajaran budi pekerti, anu ogé loyog jeung tujuan GLS nya éta hayang numuwuhkeun éta aspék ka para siswa.

Sakumaha anu didadarkeun dina buku desain Induk GLS jeung buku sakuna anu dikaluarkeun ku Keméndikbud (2016), GLS téh saéstuna sarana pikeun siswa keur mikawanoh, mikapaham, sarta ngalarapkeun élmu anu kacangking ti sakola. Lian ti éta GLS téh dipiharep bisa jadi tarékah anu dijalankeun kalayan murba jeung tuluy-tuluyan pikeun merenahkeun sakola anu mangrupa organisasi tempat diajar, tur wargana literat (mupujukkeun kagiatan baca-tulis) dina saumur hirupna bari ngalibetkeun masarakat umum.

Luyu jeung pameredih kurikulum 2013 ngeunaan pendidikan karakter ogé program GLS perlu ayana hiji panalungtikan kana buku-buku anu luyu pikeun dibaca ku barudak sakola. Salahsahiji contona buku-buku anu kasinugrahan hadiah Samsudi. Éta buku-buku téh eusina luyu jeung umur barudak sakola. Sok sanajan kitu tetep kudu aya panalungtikan anu leuwih jero pikeun mikanyaho ajén-ajén karakter hadé tokoh-tokohna dina unggal buku.

Panalungtikan anu dilakukeun ku simkuring téh nya éta panalungtikan kana karakter tokoh. Sabada réngsé ieu panalungtikan dipiharep bisa ngarojong jeung jadi pangdeudeul kana sagala rupa tujuana, boh tujuan Kurikulum Nasional atawa tujuan GLS.

Dina ieu panalungtikan data anu digunakeun nya éta buku-buku bacaeun barudak anu geus dilélér hadiah Samsudi. Hadiah Samsudi nya éta hadiah ti yayasan Rancagé mimiti Taun 1993 ka para pangarang anu nulis buku bacaan pikeun barudak. Ngaran Samsudi dipaké ngaran hadiah jeung diabadikeun lantaran umumna karya Samsudi téh eusina mangrupa bacaeun

pikeun barudak ogé dina raraga ngahurmat almarhum Samsudi nya éta saurang guru, panyusun buku pangajaran, pelukis, ogé pangarang lagu.

Buku-buku anu dilélér hadiah Samsudi nya éta buku-buku bacaan barudak anu tangtuna kaasup kana buku sastra anak. Dina éta buku-buku euyeub ku tokoh-tokoh anu karakterna cocog upama ditalungtik dina raraga ngalengkepan bahan literasi di sakola, supaya guru bisa milih jeung milah buku mana anu luyu pikeun jadi referénsi dina bahan pangajaran atawa sakadar pangdeudeul program GLS. Buku-buku anu geus dilélér hadiah Samsudi téh rupa-rupa wandana, aya kumpulan carpon, kumpulan dongéng, jeung novel.

Anapon judul buku bacaan anu baris ditalungtik nya éta buku *Tarekh Rasulullah* yasana Abdullah Mustapa anu lobana opat jilid, diantarana judulna *Muhammad Al-Amin, Cilaka Abu Lahab, Dimana Muhammad, Laa ilaha ilallah*. Ieu buku téh wanguna novel anu eusina dibagi-bagi deui jadi épisode-épisode.

Tokoh utama dina ieu buku téh nya éta Muhammad. Eusina nyaritakeun sajarah atawa riwayat Muhammad saméméh diangkat jadi Rasul nepi ka sabada Muhammad ngalaman Isra Mi'raj. Ieu buku euyeub ku ajén-ajén karakter hadé, utamana karakter Rasulullah diantarana anu kawéntar miboga akhlak mulia saperti sidik, amanah, fatonah, tablig, ogé karakter hadé liana. Ku kituna ieu buku hadé pikeun dianalisis leuwih jero.

Aya sababaraha panalungtikan lain anu geus dilakukeun ku mahasiswa diantarana panalungtikan N. Yeffa Afnita Apriliyani (2015) anu judulna *Novel Barudak dina Sastra Sunda: Kajian Struktural, Aspek Sosiologis, jeung Ajén Atikan Karakter*, éta panalungtikan sarua ngulik ngeunaan ajén karakter tokoh. Nanging anu ngabédakeuna nya éta panalungtikan sim kuring difokuskeun kana program gerakan literasi sekolah (GLS).

## 1.2 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang sakumaha anu diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan téh kudu diwatesanan sangkan teu nimbulkeun salah tafsir. Panalungtik maluruh struktur carita anu ngawengku téma, tokoh, latar, galur, judul, puseur implengan ogé ajén karakter anu aya dina buku-buku anu dilélér hadiah Samsudi nya éta buku bacaan *Tarékh Rasulullah* yasana Abdullah Mustapa jilid 1-4

## 1.3 Rumusan Masalah

Dumasar kana pedaran masalah anu dipedar dina kasang tukang, satuluyna bisa disusun sababaraha rumusan masalah. Anapon rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta :

- 1) Kumaha ringkesan carita dina buku bacaan sastra anu dilélér hadiah Samsudi?
- 2) Kumaha struktur carita dina buku bacaan sastra anu dilélér hadiah Samsudi?
- 3) Kumaha ajén karakter tokoh dina buku bacaan sastra anu dilélér hadiah Samsudi?
- 4) Kumaha ngamangpaatkeun hasil analisis struktur jeung ajén karakter dina buku bacaan sastra anu dilélér hadiah Samsudi pikeun bahan atikan karakter jeung program GLS?

## **1.4 Tujuan Panalungtikan**

### **1.4.1 Tujuan Umum**

Sacara umum ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nangtukeun gambaran anu jéntré ngeunaan struktur jeung ajén karakter dina buku-buku anu dilélér hadiah Samsudi.

### **1.4.2 Tujuan Husus**

Dumasar kana pedaran diluhur sacara operasional ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadékrupsikeun hal-hal anu patali jeung:

- 1) ringkesan carita dina buku bacaan sastra anu dilélér hadiah Samsudi
- 2) Struktur carita dina buku bacaan sastra anu dilélér hadiah Samsudi.
- 3) Ajén karakter dina buku bacaan sastra anu dilélér hadiah Samsudi.
- 4) Rarancang program literasi buku sastra anu dilélér hadiah Samsudi hasil panalungtikan salaku bahan bacaan di SMA.

## **1.5 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.5.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan dijadikeun salaku bahan rujukan pikeun nambahan wawasan dina program literasi, nambahan réferénsi pikeun panalungtik lianna dina raraga néangan téori anyar pikeun nguatan téori nu aya.

### **1.5.2 Mangpaat Praktis**

- 1) Pikeun guru

Hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun réferénsi dina rencana pangajaran sastra, hususna dina analisis struktur jeung ajén karakter dina karya sastra.

## 2) Pikeun Sakola

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat dina nangtukeun bahan bacaan pikeun rujukan bahan literasi sakola di SMA

## 3) Pikeun Masarakat

Hasil ieu panalungtikan bisa jadi rujukan anu mantuan pamaca leuwih paham kana srtuktur eusi carita buku-buku anu jadi objék dina ieu panalungtikan.

## 4) Pikeun Panalungtik

Pikeun nambahan pangaweruh jeung pangalaman nalungtik karya sastra

## 1.6. Raraga Tulisan

Hasil ieu panalungtikan bakal disusun dina wangun tésis anu ngawengku lima bab. Anapon sistematikana bisa katitén di handap.

### BAB I BUBUKA

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan umum jeung husus panalungtikan, mangpaat anu hayang dihontal ku ayana ieu panalungtikan, boh sacara tinulis boh sacara praktis, jeung raraga nulis anu jadi dasar struktur panulisan dina ieu panalungtikan.

### BAB II ULIKAN PUSTAKA

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan sajumlahing téori jeung konsép anu bakal dipaké pikeun medar jeung mesék analisis buku bacaan *Tarékh Rasulullah* yasana Abdullah Mustapa. Éta konsep téh sumberna tina buku jeung bacaan séjén anu luyu jeung rumusan pasualan dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar naon ari struktur, ajén atikan atawa sakum pamanggih para ahli dina éta widang pikeun medar data panalungtikan.

### BAB III METODEDE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan métode panalungtikan, desain panalungtikan, sangkan kagambar jalur panalungtikan anu baris dilaksanakeun, data jeung sumber data dina ieu panalungtikan, cara ngumpulkeun data anu ngawengku instrumen panalungtikan, jeung analisis data sarta kumaha prosedur atawa léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan.

#### BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab eusina medar perkara hasil panalungtikan, anu dipatalikeun jeung rumusan pasualan, ogé kajian pustaka dina bab II. Kalayan jéntré bakal dipedar data naon waé anu kapanggih dina ulikan struktur, ajén-ajén karakter. Satuluyna didadarkeun ogé data dina ulikan struktural jeung atikan karakter buku bacaan *Taréh Rasulullah*.

#### BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun sarta ditepikeun ogé sawatara saran jeung hasil panalungtikan, pangpangna ngeunaan rékomendasi naon baé anu kudu dilaksanakeun kahareupna saréngséna dilaksanakeun panalungtikan. Kakurangan panalungtikan ditepikeun sangkan bisa jadi rujukan dina panalungtikan anu dilaksanakeun kahareupna.